# Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan julli day teqale ay loxoom ba weexaayu poqtaanam di feeñ

Jële nañu ci Abdullah ibn Maalik ibn Buhaynata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan julli day teqale ay loxoom ba weexaayu poqtaanam di feeñ.
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- bu daan sujjóot day soreele ay loxoom ca sujjóot ba; mu soreele loxo bu ne ak wet ga mu féete, mu mel ni ñaari laaf, ba melow deru poqtaanam di feeñ; Lii nag ag matale la ci ni ñaari loxo yi di yaatoo, ak ni ñuy soree wet yi.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3220